**दिन–शनिवार** **दिनांक–08.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

दिल्ली विधानसभा चुनाव मे भाजपा भारी बहुमतक संग सरकार बनाबय जा रहल अछि। पार्टी पैंतालीस सीट जीतलक अछि जखनकि तीन पर आगु चलि रहल अछि। ओतहि, आम आदमी पार्टी एक्कैस सीट जीत कऽ एक सीट पर आगु अछि। आम आदमी पार्टीक अरविंद केजरीवाल, मनीष सिसोदिया, सोमनाथ भारती, सौरभ भारद्वाज, सत्येन्द्र जैन आओर अवध ओझा हारि चुकल छथि। निवर्तमान मुख्यमंत्री अतिशी जीतलनि अछि।

---

हिन्दूस्तानी आवाम मोर्चाक संरक्षक आओर केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी दिल्ली विधानसभा चुनाव मे भाजपाक जीत पर प्रसन्नता जतौलनि अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री मांझी जनौलनि जे दिल्लीक लोक सभ विकासक मुद्दा पर भाजपा के चुनलक अछि। ओ जनौलनि जे आब विपक्ष ई.वी.एम पर अपन हारक ठिकरा फोरत।

---

एम्हर, दिल्ली विधानसभा चुनाव मे भाजपाक भारी जीत पर एनडीएक सभ घटक दल मे जश्नक माहौल बनल अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह जनौलनि जे दिल्लीक जीत सँ एक बेर फेर स्पष्ट भऽ गेल अछि जे लोक सभक प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पर अटूट भरोसा अछि। जदयूक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय मंत्री ललन सिंह जनौलनि जे दिल्लीक जतना पहिने सँ आम आदमी पार्टी के हरेबाक मन बनौने छल। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे भाजपा बिहार मे सेहो दू सय सँ बेसी सीट जीत कऽ दिल्लीक जीत दोहराऔत। विजय कुमार सिन्हा अपन प्रतिक्रिया मे जनौलनि जे पूर्वांचलक लोकसभक अपमान आम आदमी पार्टी के भारी पड़ल। भाजपा नेता आओर राज्य सरकारक मंत्री मंगल पांडेय जनौलनि जे दिल्लीक जीत मे बिहारक जनताक संदेश छिपल अछि जे दू हजार पच्चीस मे फेर सँ राज्य मे एनडीएक सरकार बनत।

————————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटनाक ऊर्जा स्टेडियम मे आयोजित कार्यक्रम मे कृषि विभाग मे कतेको पद पर चुनल गेल एक हजार सात सय अभ्यर्थी सभ के नियुक्ति–पत्र सौंपलनि। श्री कुमार चौवन अनुमंडल कृषि पदाधिकारी आओर आठ सय तिरपन प्रखंड कृषि पदाधिकारी सभक बीच नियुक्ति पत्र बांटलनि। एक आनो कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री पटनाक आई.जी.आई.एम.एस अस्पताल भवनक दू ब्लॉकक उद्घाटन कयलनि। एहि बीच उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर स्वास्थ्य आ कृषि मंत्री मंगल पांडेय सेहो छलाह।

————————————————————————————

सांसद आओर जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा दरभंगा हवाई अड्डाक नाम कवि कोकिल विद्यापति करबाक आग्रह कयलनि अछि। श्री झा राज्यसभा मे शून्यकालक बीच केन्द्र सरकार सँ ई मांग कयलनि। ओ जनौलनि जे दरभंगा एयरपोर्ट उड़ान योजना मे सभ सँ बढ़िया एयरपोर्ट अछि। ओ जनौलनि जे मिथिलाक महान कवि विद्यापतिक भारतीय साहित्य आओर भक्ति परंपरा मे पैघ स्थान अछि। ध्यातव्य अछि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार वर्ष दू हजार बीस मे ओहिकालक उड्यन मंत्री के चिट्ठी लिखि कऽ ई मांग कयने छलाह।

————————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्टक न्यासी कामेश्वर चौपालक आइ अंतिम संस्कार हुनक पैतृक गाम सुपौल जिलाक मरौना प्रखंडक कमरैल गाम मे कयल गेल। हुनक पुत्र विद्यानंद विवेक मुखाग्नि देलनि। अंतिम संस्कार  मे भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल, ऊर्जा मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव आओर पी.एच.ई.डी मंत्री नीरज कुमार बबलू सहित कतेको राजनीतिक दलक नेता सभ छलाह।

————————————————————————————

इंटर मीडिएटक वार्षिक परीक्षा आइ सम्पन्न भऽ गेल। परीक्षा मे बारह लाख सँ बेसी विद्यार्थी सभ परीक्षा देलनि। एहि लेल राज्यभरि मे एक हजार छओ सय सत्तरि परीक्षा केन्द्र बनाओल गेल छल।

---

तेज पछिया हवाक कारण प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे तापमान कमल अछि। रौउद उगलाक बादो ठंढ़ाक असरि बनल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच न्यूनतम तापमान मे कोनो खास बदलि नहि होयत। ओकर बाद अगिला दू दिन मे न्यूनतम तापमान दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस बढ़ि सकैत अछि। भोर काल राज्यक उत्तरी क्षेत्र मे कतेको ठाम हल्लूक सँ मध्यम स्तरक कुहेस छाओल रहि सकैत अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक बीच छओ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग बांका राज्यक सभ सँ बेसी ठंढ़ा स्थान रहल। राजधानी पटनाक न्यूनतम तापमान बारह दशमलव पाँच डिग्री सेल्सियस रहल।

---

भागलपुर जिलाक नवगछिया अनुमंडलक जहाँगीरपुर बैसी मे कोसी नदी मे भऽ रहल कटाव सँ लोकसभ डेरायल छथि। कतेको ठाम जमीन धँसि गेल अछि। कतेको घर कोसीक धार मे समा सकैत अछि।

---

अररियाक पॉक्सो अदालत नबालिग सँ दुष्कर्म मामिला मे दोषी राजकुमार यादव के आजीवन कारावास आओर पचास हजार टाकाक अर्थदंडक सजा सुनौलक अछि।

---

समाप्त